



# Rozè nan Soley leve

*Rete fêm nam lafiva, avèk Mari*

[www.RosaryoftheDawn.org](http://www.RosaryoftheDawn.org)



# Vèchè Biblik

## Lè ou santi w:

Tris .....	Jn 14
Abandone .....	Sòm 27
Konsyan de peche w .....	Sòm 51
Preokipe .....	Mat 6, 19-34
An danje .....	Sòm 91
Enkonsolab .....	Sòm 34
Lè w santi ou sèl .....	Sóm 139
Lè w gen dout .....	Jn 7, 17
Lè w gen kè sote .....	Sòm 23
Lè w dekorajye .....	Izayi 40
Lè ou tante .....	Mt 4

## Si ou santi w:

An kriz .....	Pwovèb 8
Nan lit .....	Efezyen 6
Enpasyan .....	Ebre 12
Solitè .....	1 Korentyen 15
Lè w malad .....	Izayi 26

## Lè w santi ou bezwen bagay sa yo:

Kouraj .....	Sòm 103
Lafwa .....	Ebre 11
Lespwa .....	Sòm 90
Konsolasyon .....	Women 8, 31- 39
Fòs, kouraj .....	Jozye 1
Repo .....	Mt 11, 25-30
Lapè .....	Jn 14, 27
Sekirite .....	Women 8, 1-30
Kè kontan .....	Kolosyen 3, 12-17
Afeksyon .....	Jn 15, 13-17
Antouzyas .....	Sòm 67

# *Rozè nan Soley Leve*

## *“Rete fèm nan lafwa, avèk Mari”*

Salitasyon .....	4
Ak de kontrisyon .....	5
Kredo .....	6
Papa nou ki nan syèl la .....	7
Mari se pou w kontan .....	7
Glori a .....	7
Jakilatwa .....	8
Mistè Jwaye .....	9
Mistè Douloure .....	12
Mistè Gloriye .....	15
Mistè Limyè .....	18
Sali .....	21
Ak konsekrasyon .....	21
Litani .....	22
Priyè a Sen Jozèf .....	24
Chan yo an Kreyòl .....	26
Kouwòn pou Bondye Kè Sansib la .....	32





*Bonjou Manman Mari,  
Pou ou nou leve byen bonè  
nou vle rankontre  
avèk limyè vizay ou.  
Avèk ou, lematen se plen ak limyè e ak espwa.  
Mèsi pou tout bagay.  
Ou se yon kado.  
Pa gen okenn rèl sou tè a  
ki pa pase pa men ou.  
Pa gen kè kontan  
kote limyè w la pa briye.  
Pa gen espwa  
ki pa rekreye nan sous lakay ou.  
Pa gen priyè ki pa pase pa ou menm.  
Mèsi paske ou fè nou tounen yon fanmi.*



# Rozè ki Sen an

*Se pou gras Bondye Papa a ak Pitit la ak Lesprisen an, limen kè nou ak dife renmen Bondye a. Amèn.*

+ Avèk siy sent kwa a + libere nou Granmèt anba tout lènmi nou yo nan non bondye O non Papa a ak Pitit la ak Lesprisen an. **Amèn.**

## Ak de kontrisyon

Jezikri Granmèt nou, Bondye tout bon vre a, Kreatè, Papa ak Re-danmtè mwen an, paske ou se bonte enfini, epi paske mwenren-men w pase tout bagay, mwen regrès ak tout kè m paske mofan-se w, mwen santi kè m fè m mal paske ou kapab pini m avèk pèn nan lanfè.



Avèk èd ou, mwen deside ak tout kè mwen pou m pa peche ankò, poum kete lwen tout okazyon ki pa bon pou mwen, pou m konfese ak fè peni-tans ke yo ban mwen an pou m fè a. **Amèn.**

Mwen ofri w lavi m, zèv mwen yo ak travay mwen yo, an satisfaksyon pou tout peche mwen yo, epi se konsa mwen sipliye ou, konsa tou mwen konfye nan bonte w ak kè sansib ou ki enfini pou w kapab padone m epi ban mwen lagras-pou m korije tèt mwen ak pèsevere nan renmen w ki sen an ak sèvi ou jiskala-fen lavi mwen. **Amèn.**



*Letènèl, Nou ini nou ak tout sen ki nan syèl la ak tout jis yo ki sou tè a, o Jezi mwen an, pou nou ka fè Iwanj pou ou avèk diyite pou manman ki sen an ak pou ou menm, nan li ak gras ak li, mwen renonse a tout distraksyon mwen ka jwenn pandan m ap lapriyè Rozè sa a. Mwen ofri, w bèl Manman credo a pou m ka onore lafwa w pandan ou t ap viv sou tè aak mande w pou w fè nou patisipe nanmenm lafwa a sa a tou.*



# Kredo Nise

Mwen kwè nan yon sèl Bondye, Se Papa a, li gen tout pouvwa. Li kreye syèl la ak tè a. Li fè tout sa mwen wè ak tout sa mwen pa wè. Mwen kwè nan yon sèl Granmèt, Se Jezikri, sèl Ptit Bondye a. Li se Ptit Papa a depi anvan tout tan. Li se Bondye ki sòti nan Bondye a, Limyè ki sòti nan limyè a, Bondye tout bon vre ki sòti nan Bondye tout bon vre a. Li se Ptit Papa a, men se pa kreye Bondye te kreye li. Li se menm Bondye ak Papa a. Se pa pouvwa li tout bagay fèt. Pou tout moun, pou l vin sove nou Li desann sòt nan syèl la, (besè tèt la) Se pa pouvwa Lespri Sen an Kò li vin fèt nan vant Mari ki vyèj Epi li tounen yon moun.

Se poutèt nou toujou yo klosure li sou yon kwa; Li soufri sou reny Pons Pilat Epi yo antere li. Sou twa jou li leve, jan sa te ekri a; Li monte nan syèl Epi li chita sou bò dwat Papa a.

Li gen pou l tounen ankò avèk tout pouvwa li Pou l jije ni moun k ap viv ni moun ki mouri, Epi gouvènman l pap janm fini. Nou kwè nan Lespri Sen an; li se Granmèt epi li bay lavi. Li se Lespri Papa a ansanm ak Ptit la. Yo adore l ansanm ak Papa a ansanm ak Ptit la, Epi li jwenn menm Iwanj avèk yo. Se li ki t ap pale lè Pwofèt yo t ap pale. Nou kwè nan yon sèl Legliz ki fè yon sèl kòt fanmi. Li sen; li la pou tout moun; se sou Apòt yo li bati.

Nou rekonèt gen yon sèl Batèm pou padonnen peche. N ap tann lè tout mò yo va leve. N ap tann lavi ki pap janm fini an. **Amèn.**

*Nou ofri ou Senyè, Papa nou, pou adore ou nan inite  
ou e nou rekonèt ou kòm kòmansman ak  
nan fen tout bagay.*

# Papa Nou ki nan syèl la

Papa nou ki nan syèl la, se pou yo respekte Non ou, se pou yo rekonèt se ou ki wa; se pou volonte ou fèt sou tè a tankou nan syèl la. Pen nou bezwen chak jou a, ban nou li jodiya. padone sa nou fè ou tankou nou padone moun ki fè nou kichóy; pa kite nou pran nan pyèj men delivre nou ak sa ki mal. **Amèn.**

*Nou ofri ou, Sentespri Trinite, twa Mari se pou w kontan, remèsyé tout favè yo ou te bay Mari ak sa yo ou te fè nou nan medyasyon li.*

## Mari se pou w kontan

Mari se pou w kontan, ou menm ki plen favè, Granmèt la avèk ou, li beni w pase tout fi e li beni Jezi, Pitit ou fè a.

Mari ou sen ou se Manman Bondye, nou se pechè , lapriyè pou nou jodiya ak lè nou prêt pou nou mourir. **Amèn.**

## Glori a

Viv Papa a, ak Pitit la, ak Lesprisen an, depi nan kòmansman, jous jodiya e pou tout tan gen tan. **Amèn.**

*"Oh Bondye Papa ki te ban nou sèl gress Ptit ou a pou fè nou jwenn lavi ki pap janm fini an, tanpri ban nou lagras np plede mande w la pandan n ap medite sou Rozè sa pou Vyèj Mari, nou dwe imite sa I genyen ak jwenn sa li pwomèt la, atravè Jezikri Ganmèt nou an". Amèn.*

### N AP PRIYE ROZÈ A DAPRE JOU KI KORESPONN LAN

- MISTÈ JWAYE (*lendi ak Samdi*)
- MISTÈ SOUFRANS (*Madi ak Vandredi*)
- MISTÈ LIMYÈ (*Jedi*)
- MISTÈ GLORIYE: (*Mèkredi ak Dimanch*)

**JAKILATWA (apre chak mistè) SALI - AK KONSEKRASYON**



# Jakilatwa

(Apre chak mistè)

¡Oh! Jezi mwen an, padone peche nou yo, libere nou anba dife lanfè, mennen nan syèl la tout nanm yo, espesyalman sila yo ki plis bezwen kè sansib ou. **Amèn.**

**V.** Granmèt ban nou yon bon lavi pou nou kapab genyen yon bon lanmò.

**R.** Poutèt merit enfini Lavi w ki sakre a, pasyon ak lanmò w.

**V.** Mari, Manman lagras, Manman pyete ak kè Sansib,

**R.** Nan lavi ak nan lanmò kouvri nou anba zèl ou bèl Manman nou.

Bondye mwen, mwen kwè, mwen adore w, m ap ret tann nou emwen renmen w. Mwen mande w pou tout sila yo ki pa kwè, ki pa adore w, ki pap ret tann ou ki pa renmen w. **Amèn.**

**V.** Kè Jezi ki sakre a.

**R.** Nan ou nou kwè.

**V.** Kè Manman Mari ki dous anpil la.

**R.** Se pou sove nanm mwen.

**V.** Jezi, Jozèf ak Manman Mari.

**R.** Asiste m nan dènye moman agoni m.

**V.** Sen Jozèf papa mwen ak granmèt mwen,

**R.** Aprann nou renmen pi plis chak jou Jezi ak Mari.



## Ave, Ave, Ave Mari



# Mistè Jwaye yo

(Lendî ak Samdi)



## 1. MISTÈ JWAYE : ANONSYASYON ANJ GABRIYEL A MARI KI SEN AN, AK ENKANASYON PITIT BONDYE A

(Lik 1, 26-38) "Zanj lan di li: Pa pè, Mari ou menm Ou jwenn favè nan men Bondye. Ou pral vinansent, ou va fè yon pitit gason. W'a rele I Jezi. Lap vin yon gran nèg, y'a rele li Piti Bondye ki anwo nan syèl la... Mari di zanj lan konsa: ... Men mwen, se sèvant Mèt la mwen ye. Mwen swete pou sa rive jan ou di a".

### Meditasyon:

O Mari gras a "Wi" ou a, ou te ouvri pót syèl la pou nou, ou te aksepte fè volonte Papa a. W ap beni pou tout tan: Yo koute Entèses yon w paske ou te aksepte plan Bondye. Pèmèt nou priye pou nou kapap di Papa "wi" nan chak moman li mande nou. Manman Mari ede nou pou nou kapab dou ak obeyisan pou nou fè volonte Bondye. **Amèn.**

*Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.*

**JAKILATWA**



## 2. MISTÈ JWAYE: VIZIT SENT VYÉJ MARI LAKAY KOUZIN LI KAY SENT ELIZABÈL, AK SANTIFIKASYON SEN JANBATIS

*Mari al rann Elizabèt vizit (Lik 1, 39- 43) Nan menm epók sa a, Mari sóti, li pran chemen pou l rive byen vit nan yon bouk nan món peyi Jide a. Li antre kay Zakari, li di Elizabèt bonjou. Lè Elizabèt tande Mari di l bonjou, piti la pran sote nan vant li. Lamenm Elizabèt vin anba pouvwa Sentespri. Li pran pale byen fó, li di konsa: Nan tout fanm ki sou latè, ou menm ou se yon fanm Bondye beni anpil. Ptit ki nan vant ou a tou Bondye beni li Kisa m ye menm pou Manman Mèt mwen vin rann mwen vizit?*



### ***Meditasyon:***

Avèk vizit Lavyèj Mari lakay kouzin li Elizabèt, li pote Bondye pou kouzin li. Granmèt ede nou pote Kris bay lót yo, tankou Mari te fè sa. Mari pèmèt mwen mande w kado pi bèl la ki se lacharite. **Amèn.**

**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**  
**JAKILATWA**

## 3. MISTÈ JWAYE : NESANS JEZI NAN KRÈCH BELÈN

*(Lik 2, 6-11) Antan yo te la, jou pou Mari te akouche a rive. Li fè premye pitit li a, yon ti gason. Mari vlope pitit; la nan yon kouchèt, li mete l kouche nan yon kay bêt manje, paske pat gen plas pou yo nan lotèl la. Nan menm zòn sa a, te gen gadò mouton ki t ap pase nwit la deyó ap veye mouton yo Lè sa a yon zanj Bondye parèt devan yo, bèl limyè Bondye a klere tout kote yo te a. Yo te pè anpil. Men zanj lan di yo konsa: Pa pè, m ap anonse nou yon bònnouvèl ki pral fè tout pèp la kontan anpil. Jodianan vil David la, nou gen yon Sovè ki fent fèt. Se Kris; la Senyè a.*



### ***Meditasyon:***

Ti bebe Jezi te nan krèch la, Mari, Jozèf ak gadyen yo t ap adore l Pèmèt mwen adore Kris la, Ptit Bondye a, nan silans nanm mwen ak nan fon kè m.

Pèmèt mande w Mari pou fè nou renmen Jezi chak fwa plis ak mande kado povrete lespri a. **Amèn.**

**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**  
**JAKILATWA**



#### 4. MISTÈ JWAYE: PREZANTASYON JEZI NAN TANP LAN

(Lik 2, 22-25; 34-35) Apresa, jou a re rive pou Jozèf ak Mari te al fè sèvis pou yo ka mete Mari nan kondisyon fè sèvis Bondye dapre lalwa Moyiz. Lè sa a, yo pote tipitit lavil Jerizalèm pou mete l apa pou Bondye a. Men tout premye ptit gason apa pou Mèt la. Yo te ofri tou yon pè toutrèl osinon de jenn pijon pou yotouye pou Bondye, jan yo bay lòd fè sa lalwa Bondye a. Papa ak Manman Jezi te sezi tande sa Simeyon t ap di sou ptit yo a, konsa Simeyon rele benediksyon Bondye sou yo, li di Mari, Manman Jezi. Bondye chwazi pití sa a, L ap lakoz anpil moun nan pèp Izraèl la tonbe. Men, l ap fè anpilmoun nan pèp la jwenn delivrans tou. Li pral yon siy pou Bondye, men moun p ap vle wè li. Se konsa l ap devwale tout lide k ap travay nan fon kè anpilmoun. Kanta pou ou menm, Mari, doulè gen pou fannkè ou tankou yon nepe.



##### **Meditasyon:**

Nou bezwen prete atansyon a vwa Bondye, disène apèl li e aksepe misyon ke i ban nou. Apre pwofesi Simeon an, Mari pote soufrans sa nan kè li, men an silans li aksepte volonte Papa a. **Amèn.**

**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**  
**JAKILATWA**

#### 5. MISTÈ JWAYE : JEZI PEDI EPI YO JWENN LI NAN TANP LAN



(Lik 2,41-51) Chak lane pou fèt Delivrans lan, manman ak papa Jezi te konn al lavil Jerizalèm. Lè jou yo fin pase, moun yo t ap touenen lakay yo. Jezi menm rete lavil Jerizalèm... Yo touenen Jerizalèm al chacheli... Apre twa jou yo jwenn li nan tanp lan, chitanan mitan direktye yo. Li t ap koute yo, l i t ap poze yo kesyon tou. Tou moun ki t ap tande te sezi pou jan l te gen lespri, ak jan l t ap reponn yo.

##### **Meditasyon:**

Nou panse kèk fwa ke nou te lwen Jezi, depi l te mouri ak tout renmen li te gen nan kè l pou nou. An nou medite lavi a se sèl sekite n ap jwenn nan Jezi e pou nou pa janm separe nou de gran kantite renmen Bondye a. **Amèn.**

**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**  
**JAKILATWA**



# Mistè Douloure

(Madi ak Vandredi)

## 1. MISTÈ SOUFRANS : LA PRIYE JEZI NAN JETSEMANI


(Lik 22, 39-44) Apre sa Jezi soti, l al nan móN Oliv la, jan l te konn fè a. Disip yo swiv li. Lè l rive li di yo. Lapriyè pou n pa tonbe anba tantasyon. Epi li kite yo l al pi devan distans yon moun kab voye yon wóch konsa. Li mete ajenou, li pranlapriyè. Li di. Papa, si ou vle , tanpri, wete gode soufrans sa a devan je mwen. Men se pa volonte ki pou fèt, se volonte w. Lè sa a , yon zanj Bondye sóti nan syèl la parèt devan li. Li te vin bay Jezi fòs. Kè Jezi te sere anpil, li t ap lapriyè pi rèd. Swe t ap koule sou li tankou san atè a.

### ***Meditasyon:***

Nan lapriyè l bay Papa a, Jezi te jwenn fòs ak konfyans, e Bondye Papa te voye yon zanj pou vin konsole l. Konba sa a ak viktwa sa a yo posib sèlman nan lapriyè. Gras ak lapriyè li, Jezi te ranpote lavikta sou satan, depi nan kòmansman jous nan dènye moman agoni li. Pèmèt nou konsakre nou bay Bondye, pou nou kapab toujou fèvolonte l. **Amèn.**

**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**

**JAKILATWA**





## 2. MISTÈ SOUFRANS; FLAJELASYON GRANMET NOU JEZIKRI

(Jn 18, 33, 19;1) Pilat reponn li. Enverite? kisa l ye? Lè l fin di sa, Pilat soti ankó, l al jwenn jwif yo. Li di yo. Mwen pa wè rezon pou m kondane nonm sa a. Dapre koutim nou genyen, mwen toujou lage yon prizonye pou fèt Delivrans lan ban nou... Eske nou ta vlemlagewajwifyobannou? Lèsaayotout pran rele non nou pa vle li, se Barabas nou vle.



### **Meditasyon:**

Valè doulè, tèt chaje ak blesi ki te genyen nan kó Jezi? Konbyen kantite san li te lagesou tè kote l t ap pase yo, pandan moun ki t ap maltrete l yo t ap ri, ak pase l nan betiz, ya p joure l, e yo te reyini fòs yo pou yo retounen vin frape ko Jezi ki se yon inosan. Pèmèt nou aksepte jouman poutèt renmen nou genyen pou Granmèt nou Jezikri ak imilyasyon pou peche nou yo. **Amèn.**

*Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.*  
**JAKILATWA**

## 3. MISTÈ SOUFRANS: YO METE KOUWON PIKAN SOU TET JEZI

(Mt 27, 29-30) Yon trese yon kouwòn pikan mete nan tèt li, yo ba li yon ti bwa wozo kenbe nan men dwat li. Apre sa, yo mete ajenou devan l, yo pran pase l nan betiz. Yo di li. Bonjou, wa jwif yo! Yo krache sou li, yo pran wozo a, yo ba l kou nan tèt. Apre yo fin pase l anba kont betiz yo, yo wete gwo rad la, yo mete rad pa l sou li ankò. Epi yo mennen l ale pou yo klosure l sou yon yon kwa.



### **Meditasyon:**

Panse ak tout ofans, ak imilyasyon ke Jezi te soufri. Sanble sa ap di nou? poukisa ou dezes-pere lè w ap soufri? Eske o u renmen lè ou konsa? Medite sou pasyon w ap jwenn ladan l yon aliman espirityèl ki rich Manman, pèmèt mwenmande w kado pasyans epi pou m aksepte toutimilyasyon yo, pandan m ap panse a Jezi ki te soufri pou nou. **Amèn.**

*Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.*  
**JAKILATWA**



#### 4. MISTÈ SOUFRANS : JEZI AK KWA SOU DO L

(Mt 27, 31-32) Apre yo fin pase l anba kont betiz yo, yo wete gwo rad la, yo mete rad pa l sou li ankò. Epiyo mennen l ale pou yo klosure l sou yon kwa.. Lè yosoti, yon kontre yon nonm peyi Sirèn ki te rele Simon. Yo fose mesye pouli pote kwa Jezi a.

##### **Meditasyon:**

Menm si lè Jezi t ap soufri a pou ou, li te aksepte tout doulè yo, doule sila yo tap twop pou ou. Pandan tout chemen Kalvè a, Jezi te wè Manman I. Eskenou ka imajine moman kote je sa yo te rankontreyoun ap gade lót? Oh, kijan li te santi doulè a nan kè l? Pèmèt nou mande Mari lagras pou nou toujou aksepte kwa nou chak jou pou nou swiv Jezi. **Amén.**



**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**  
**JAKILATWA**

#### 5. MISTÈ SOUFRANS: YO KLOUWE JEZI SOU KWA A

(Lik 23, 33-34, 44-46; Jn 19, 33-35) Lè yo rive kote yo rele zo bwa Tèt la, yo klosure Jezi sou kwa a. Yo klosure kriminèl yo sou de lót kwa, yonn chak bò li: Jezi di: Papa, padonnen yo. Yo pa konnen sa y apfè. Li te midi konsa lè solèy la sispann sou tout peyi a joukvè twazè nan apremidi... Rido ki te nan tanp lan chire fè de moso. Jezi rele byen fó, li di: Papa, m ap renmèt lespri mwen nan men ou. Apre l fin di pawòl sa yo, li mouri. Jezi bay yon gwo koutrèl: Papa, nan men w mwen renmèt lespri mwen ,lèlfindisalimouri. Kòn yo wè li mouri, yo pat kraze janm li, men youn nan solda yo pèse bò kòt li a ak yon lans epi san ak dlo soti bò kote l'.



##### **Meditasyon:**

Jezi vle wè nou rete tou pre Mari, Se sa li vle. Li mande nou pou nou rekòmande nou a la Vyèj Mari. Limande nou pou rekonèt Notre Dame kòm Manmannou, k ap limen dife renmen nan kè nou pou Pitit li a. Mari, nou kwè nan ou, pran nou e pote nou nan refij Kè w ki san peche a, ranplase ògèy nou yo pa imilite, paske se sa ki elwanye nou de Bondye. **Amén.**

**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**  
**JAKILATWA**



# Miste Gloriye

(Mèkredi ak Dimanch)

## 1. MISTÈ LAGLWA: REZIREKSYON KRIS LA


(Mt 28, 5-6) Men, zanj lan pale, li di fanm yo: Nou menm, nou pa bezwen pè. Mwen konnen se Jezi n 'ap chèche, nonm yo te klosure sou kwa a. Enben, li pa isit la. Li leve byen vivan jan l te di a. Vini wè kote l tekouche a.

### **Meditasyon:**

Jezi ki resisite a te pwouve ke lezom ansanm avèk li gen pouvwa sou peche ak lanmò. Jezi, ede nou resisite, sove nou de peche, de enmi an, bannous limyèl a. Mete nan nou renmen, lafwa, lesperans, ak kado lapriyè. Pèmèt nou mande la Trè Sen Vyèj Mari yon lafwa ki djanm. **Amén.**

**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**

**JAKILATWA**





## 2. MISTÈ LAGLWA: JEZI KI MONTE NAN SYEL

(Lik 24, 50-51; Mc 16, 20) Apre sa, li mennen yo an deyò lavil la, bò Betani, epi li leve men li pou l beni yo. Antan I ap beni yo konsa, li separe ak yo, li moute nan syèl la. Disip yo pati, ya l anonse Bòn Nouvèl latoupatou. Senyè a t ap travay ansanm ak yo: Anmenmtan li t ap fè anpil mirak tou pou montre sa yo t ap di a se laverite.

### **Meditasyon:**

Jezi, ou te abandone Apot ou yo nan agoni, e ou te ba yo kè kontan lè yo ta p kontample w nan bèlte w, pandan 40 jou. Apre Asansyon w, ou te gratifye sila yo ki t ap chèche w pandan yo te resevwa Lekaristi. A travè Mari nou kwè nan ou. La Vyèj Mari fè nou jwenn kado lesperans lan. **Amèn.**



*Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.  
JAKILATWA*

## 3. MISTÈ LAGWA: LESPRISEN DESANN SOU APOT YO

(Travay 1, 14; 2, 1-4) Yo tout mete tèt yo ansanm, yo t ap lapriyè san rete.

Medam yo te la tou ansanm ak Mari, manman Jezi, ak frèl yo tou. Lè jou Lapannkot la rive, yo tout te reyini ansanmmenm kote a. Yo rete konsa, epi yon sèl bri sot nan syèl la tankou yo gwo van k ap soufle. Li plen tout kay kote yo te chita a. Lè sa a, yo wè yon banm lang parèt tankou ti flanm dife ki separe youn ak lót epi k al poze gress pa gress sou tèt yo chak. Yo tout te vin anba pouvwa Sentespri, epi yo pran pale lót lang dapre jan Lespri Bondye a t ap fè yo pale.



### **Meditasyon:**

Jezi, vide Lesprisen Konsolatè a sou nou, limen dife Lesprisen, se pou fòs ou antre nan fon kè nou ak soulaje lapenn nou. Voye l pou nou pou kè nou kapab ranpli ak renmen. Fè nou vin tounen apot ou, Jezi nou renmen anpil la. La sent Vyèj Mari pèmèt ban nou kado renmen tout bon vre a gras ak lapriyè ki soti nan kè w. Vini Esprisen, vini gras ak entèsesyon Kè Imakile Mari ki san peche a, ki se manman nou. **Amèn.**

*Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.  
JAKILATWA*



## 4. MISTÈ LAGLWA: ASONPSYON LASENT VYÈJ MARI KI MONTE NAN SYÈL LA

(Kant 2, 10-11, 14) Mennaj ki pale avè m li di m : Vini non, anmourèz mwen! Ann al avè m non, bél nègès mwen! Gade sezon fredi pase, lapli sispann tonbe. Ti toutrèl mwen, ou kache nan fant woch yo, anba gwo woch byen wo yo. Montre m ti figi w non! Fè m tande vwa ou. Ala bél ti figi ou bél !Ala dous vwa ou dous!

### *Meditasyon:*

Pwiske kounye a Mari monte nan syèl, lap la priye pou pitit li yo, pitit sa yo ke Jezi te mete nan men I lè li te sou kwa a. Mari la priye pou nou, ou konnen kè sote nou, manman nou nan kè w, ou menm ki gen kè manman. Priye pou nou kounye a ak lè nou pral mouri. Manman nou nan syèl avèk ou. Nap mande wyon devosyon anvè kè w ki san peche a pou l ka tounen yon refij pou nou nan tribilasyon nou yo.

**Amèn.**



**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**

**JAKILATWA**

## 5. MISTÈ LAGWA: KOUWONMAN LATRE SENT VYEJ MARI KOM REN SYEL LA

(Sòm 45, 14-15; Ap. 12,1) Yo mennen I bò kote wa a, avèk bél rad bwode li sou li: Tout fidonè li yo ap mache dèyè li: yo prezante yo ba ou tou. Ya p vini, yo kontan, y ap chante, y'ap antre nan palè wa a. (Ap 12,1) Yon gwo siy parèt nan syèl la: se teyon fanm ki te vlope nan soleyl la tankou nan yonrad. Lalin lan te anba pye li. Li te gen douz zetwal kouwonnn tèt li.



### *Meditasyon:*

Pèmèt nou rele w, pèmèt nou renmen w, pèmèt nou konfyé nan ou pou tèt sa ou ban nou. Nou genyen w kòm rèn ak avoka nou nan syèl la, nou bezwen pou w plede koz nou, nou genyen anpil konfyans ak lesawa nan ou. Si nou mande w yonbagay pandan n ap fè wozè a, nou sèten n apjwenn li. Nap mande w kado lapriyè, yon priyè ki soti nan kè Mari ak Jezi. Pèmèt nou mande w pèseverans nan lapriyè, pou nou kapab toujou rete ini ak kèw ansanm ak kè Jezi. **Amèn.**

**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**

**JAKILATWA**



# Mistè Limye

(Jedi)

## 1. MISTÈ LIMYE : BATEM NAN JOUDEN AN


(Mt 3, 13, 16-17) Lè sa a, Jezi soti nan peyi Galile, li vin larivyè Jouden, bò kote Jan pou Jan batize li. Men, Jan pat dakò pou sa menm. Li di l; Se ou ki pou ta batize m, epi se ou menm ki vin jwenn mwen pou m batize ou? Fini Jan fin batize l, Jezi soti nan dlo a. Menm lè a, syèl la kouvri, Jezi wè Lespri Bondye a desann sou fóm yon ti pylon vin sou li. Lè sa a, yon vwa soti nan syèl, li di: Sa se pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m kontan anpil.

### ***Meditasyon:***

Mistè limyè a se Batèm nan Rivyè Jouden an. Ladan l, pandan ke Kris la li menm kòm inosan ki te vin fè l vin pote peche nou yo sou dol (2 Ko 5, 21), antre nan dlo rivyè jouden an, syèl la louvri epi vwa Papa a soti nan syèl li di sa se Piti mwen renmen anpil la. (Mt 3,17) epi lespri a desann sou li pou envestil nan misyon li t ap tann lan. **Amèn.**

***Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.***

**JAKILATWA**





## 2. MISTÈ LIMYE: NOS KANA A

(Jn 2,1-5) De jou apresa, te gen yon maryaj lavil Kana nan peyi Galile. Manman Jezi te la, yo te envite Jezi ak disip li yo nan nós la tou. Rive yon lè pat gen diven ankò. Manman Jezi di konsa; Yo pa gen diven ankò non. Men Jezi reponn li. Nan kisa mwen ye nan sa, madanm? Lè pa m ponko rive. Lè sa a, manman Jezi di moun ki t ap sèvi yo: fètou sa li di nou fè.

### **Meditasyon:**

Mistè limyè sa a se kòmansman siy yo nan Kana (Jn 2, 1-12), lè Kris, t ap transfóme dlo a an diven, kè disip yo vin ouvri nan lafwa gras a entèvansyon Mari, manman I, ki se premye kwayan. **Amèn.**



**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**  
**JAKILATWA**

## 3. MISTÈ LIMYE: ANONS WAYOM BONDYE A

(Mc 1, 15, 21; 2,3-11; Lik 7, 47-48) Li t ap di konsa: Jou a rive. Kounyea, Bondye ki wa nan syèl la ap vin pran pouvwa a nan men li. Tounen vin jwenn Bondye. Asepte Bón Nouvèl la (...) Apresa, Jezi ale ak disip li yo nan vil yo rele Kapènawòm. Jou repo a, Jezi antre nan sinagóg la. Li moutre moun yo anpil bagay. Se lè sa a, yon kolonn moun vin rive, kat ladan yo t ap pote yon nonm paralize. Yo t ap mennen I bay Jezi. Men foul la te kwense anpil, ki fè moun yo pat ka pwoche bò kote Jezi. Lè yo wè sa, yo dekouvre do kay la ekzakteman sou tèt Jezi, Jezi wè jan yo te gen konfyans nan li, li di nonm paralize a: Pitit mwen, peche ou yo padonnen. Te gen kèk direktese larwa chita la. Yo t ap di nan kè yo... Kisa k pi fasil pou m di nonm paralize a: Peche ou yopadonnen. Osinon: leve kanpe, pran nat ou, mache".



### **Meditasyon:**

Mistè limyè a se predikasyon kote Jezi t ap anonse rive Wayom Bondye a ki envite nou nan konvèsyon (Mc 1,15) pou nou jwenn padon pou peche nou yo pou tout moun ki pwoche kote I avèk lafwa. (Mk 2, 3-13; Lik 47-48), pandan lap komanse ministè kè sansib li lap kontinye ekzèse jiska la fin du monde, espesyalman a travè sakreman Rekonsilyasyon li konfye Legiz la. **Amèn.**

**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**  
**JAKILATWA**



#### 4. MISTÈ LIMYE: TRANSFIGIRASYON

(Mt 17, 1-3;5) Sis jou apre sa, Jezi pran Pyè, Jak ak Jan, li mennen yo pou kont yo sou tèt yon mòn byen wo. Antan Jezi te la, li pran chanje devan yo. Figi l vin klere tankou solèy la. Rad li vin blan tankou yon limyè. Twa disip yo wè Moyiz ak Eli parèt, yo t ap pale ak Jezi. Antan Pyè t' ap pale toujou, yon nyaj byen klere vin kouvri yo. Yo tande yon vwa sóti nan syèl, li di: Sa se Pitit mwen renmen anpil la. Li fè kè m kontan anpil. Koute li.



##### **Meditasyon:**

Mistè limyè pa ekselans se Transfigirasyon an, dapre listwa ki te fèt sou Món Tabó. Bèlte Bondye resplandi sou vizaj Kris la, pandan Papa t ap fè lwanj pou li devan Apot yo ki te sezi paske yo te tande (Lik 9,35) e yo te dispoze pou yo viv avèk li moman doulè Pasyon li pou yo ka rive avèk li nan bèle rezireksyon an ak yon lavi ki transfigire pa Lesprisen an.

**Amèn.**

**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**

**JAKILATWA**

#### 5. MISTÈ LIMYE: ENSTITISYON LEKARISTI

(Jn 13, 1 Mt 26, 26-29) Se te jou anvan fêt Delivrans jwif yo. Jezite konnen lè a te rive pou l te kite tè sa a, pou l al jwenn Papa a.

Li pat manke renmen moun pa l yo ki te nan lemonn. Li te renmen yo nèt ale. Antan yo t ap manje, Jezi pran pen, li di Bondye mèsi, li kase l, li bay disip yo, li di: Pran, manje. Sa se kó mwen. Apre sa, li pran yon gode diven, li di Bondye mèsi, li pase l ba yo, li di Bondye mèsi, li pase l ba yo, li di Se pou nou tout bwè ladan li. Paske, sa se san mwen, san ki siyen nouvo kontra Bondye fè a, san ki koule pou anpil moun jwenn padon pou peche yo. M ap di nou sa: Depi jodi a, mwen pa pjanm bwè diven ankò jouk jou m a bwè yon lot diven ansanm ak nou nan peyi kote Papa m wa a.



##### **Meditasyon:**

Mistè limyè a, se enstitisyon Lekaristi a, ladan l Kris la ban nou manje Kò l ak San l sou fóm pain ak diven, pandan l ap bay temwanyaj renmen l pou limanite <<Jous nan dènye bout>> epi li ofri l an sakrifis pou sove nou. **Amèn.**

**Papa Nou ki nan syèl la, 10 Mari se pou w kontan, Glori a.**

**JAKILATWA**



# Salî



Nou salye w, Rèn ak Manman kè sansib. lavi ak dousè ak esperans nou. Nou salye w. Nou menm ptit Eve ki ekzile sou tè sa a , n ap rele w, n ap siplie w , pandan n ap jemi ak kriye nan dlo nan je sa a. Se pouw tounen avoka nou, voye je kè sansib ou a pou gadenou epi apre ekzil sa a, montre nou Jezi, ki se fwi zantray ou. Ou menm ki kleman, ou menm ki gen anpil pyete, oh Vyèj Mari Priye pou nou oumenm ki Manman Bondye ki sen, pou nou kapab rive jwen pwomès Granmèt nou an Jezikri. **Amèn.**

## Àk Konsekrasyon

Oh ou Menm bèl Madanm, ki se Manman mwen! Mwen ofri tèt mwen nèt ale ba Ou; nan eprèv renmen filyal mwen genyen pou ou mwen konsakre nan jou sa yo zye mwen, zòrèy mwen yo, lang mwen, kè mwen; nan yon mo tout sa m ye. Tout mwen menm se pou ou, oh Manman bonte, kenbem defann mwen tankou ptit ou epi antre nan tout mwen menm. **Amèn.**



## Se pou jan ou san peche beni

Se pou fèt ou fèt san peche a beni pou tout tan, Bondye kreye nan ou, nan bèlete w la ki plen ak lagras. Ou menm ki prensès nan syèl la, Sent Mari Vyèj Sakre a, mwen ofri w jounen sa a, nam mwen, lavi ak kè mwen. Gade ak voye je sou mwen ak konpasyon, ou menm ki Manman mwen. Mwen lage tout sa m ye nan men w Ou menm Lasent Vyèj Mari ki se manman mwen! pou w ka prezantem devan Jezi ak nam mwen. **Amèn.**





# Litani Lasent Vyèj Mari

*Granmèt gen pitye.*

*Kris , gen pitye.*

*Granmèt , gen pitye.*

*Kris , koute nou.*

*Kris , koute nou.*

*Bondye Papa ki nan syè la,*

*Bondye Ptit ki se Redanptè mond la,*

*Bondye Lesprisen an,*

*Trinite ki sen an,*

*Granmèt gen pitye pou nou,*

*Kris gen pitye pou nou,*

*Granmèt gen pitye pou nou,*

*Granmèt koute nou,*

*Kris koute nou,*

*gen kè sansib pou nou,*

*Mari ki sen,*

*Sent Vyèj pami tout Vyèj yo,*

*Vyèj ki pi sen pami tout vyèj yo,*

*Manman Jezikri,*

*Manman Legliz la,*

*Manman lagras Bondye a,*

*Manman ki fèt san peche a,*

*Manman ki sen anpil la,*

*Manman ki vyèj la,*

*Manman ki san peche,*

*Manman ki gen kompasyon,*

*Manman ki admirab la,*

*Manman bon konsèy,*

*Manman Kreatè Nou an,*

*Manman Sovè a,*

*Vyèj ki pridan anpil la,*

*Vyèj ki merite anpil lwanj lan,*

*Manman tout moun kon newa,*

*Vyèj ki pwisan,*

*Vyèj ki gen pitye,*

*Vyèj fidèl,*

*Imaj jistis,*

*Twon Bon konprann,*

*Koz kè kontan nou ,*

*Vaz espirityèl,*

*Veso ki merite anpil onè a,*

*Vaz mi merite devosyon,*

*Roz mistik,*

*Tour David,*

*priye pou nou,*





*Tour Ivwa,  
Kay ki fèt an lò,  
Ach dalyans,  
Pót syèl la,  
Etwal nan maten,  
Sante pou malad yo,  
Refij pechè yo,  
Konsolasyon moun ki nan lapenn yo,  
Ed pou kreyen yo,  
Rèn zanj yo,  
Rèn Patriyach yo,  
Rèn pwofèt yo,  
Rèn Apot yo,  
Rèn Mati tout mati yo,  
Rèn Konfesè yo,  
Rèn tout Vyèj yo,  
Rèn tout sen yo,  
Rèn ki fèt san peche orijinèl la,  
Rèn ki monte nan syèl la,  
Rèn rozè ki sen an,  
Rèn lapè,  
Rèn mond lan,*

*Mouton Bondye ki wete peche sou tè a,  
Mouton Bondye ki wete peche sou tè a,  
Mouton Bondye ki wete peche sou tè a,*

*Padone nou,  
Koute nou,  
Gen kè sansib pou nou.*

Priye pou nou Manman Bondye ki sen anpil la, pou nou kapab rive jwenn bèl pwomè Granmèt nou Jezikri te fè nou. **Amèn.**

# Sonje (Priyè sen Bèna)

Sonje ou menm Manman Lavyèj Mari! Sa pa janm rive okenn moun k ap chèche pwoteksyon moiun mande asistans ou ak reklame sekou ou, pou yo pa pèdi espwa. Anime apati de konfyans sa a, se bò kote w, ou Menm Ki premye vyèj pamí tout vyèj yo, e mwen menm k ap jemi anba pwa peche m yo mwen oze parèt devan prezans ou ki anwo nan syèl la.

Oh manman Bondye! pa rejte demand mwen yo men pito ou koute yo ak akevi yo avèk ijenerozite. **Amèn.**





# *Priyè a Sen Jozèf*

(Pap Leon XIII)

Ou menm Jozèf ki byen ere, n ap chèche nan tribilasyon nou, apre nou mande èd madam ki sen anpil la, avèk konfyans nou konfye nou anba zèl ou.

Avèk charite sa a ou te genyen ki fèw te rete ini ak Manman Lavyèj, Manman Bondye epi avèk anpil amou patènèl ou te konn anbrase Jezi, m apmande w tanpri m ap souprise pou voye je gadem akoz de Jezikri ki te mouri pou nou pou potem konkou nan bezwen yo.

Pwoteje m, ou menm ki te gadyen Fanmiy Bondye a, desandans Jezikri a: elwanye de nou, papa ki renmen anpil la tout erè ak move vis ki nan mwen. Voye je gade nou depi nan syèl la, nan lit kont pouvwa fè nwa yo; menm jan ou te libere Pitit ou Jezi anba lanmó lè lavil te menase a, konsa tou pou defann legliz ou a ki sen an de tout move bagay ki kapab frapel nan tout move moman yo.

Pwoteje nou chak anba zèl ou, pou nou ka rive join gras ak ekzanz ouban nou, soutni gras ak èd n ap mande w, pou nou kapab viv ak yon lavi ki kórèk nan syèl la pou tout tan gen tan. **Amèn.**



## *An nou lapriyè*

*Bondye ou menm ki toupwisan, n ap mande w gras ak entèseson Manman nou la Sent Vyèj Mari, nou menm pitit ou fè nou viv nan kè kontan nan moman difikilte lavi a epi fè nou rive jwenn bèlete lavi ki pap janm fini an.*

**Amèn.**



*Manman Mari ki gen anpil tandrès nan  
kè li, pa vire figi w nan direksyon nou.  
Mache avèk nou nan tout kote pa janm  
kite nou pou kont nou. Paske ou se  
vrèman yon manman ki renmenm tout  
bon vre, mande Papa ak Pitit la ak  
Lesprisen an pou l beni nou. Amèn.*



# *Chante pou Mari*



*Vini Kretyen, Moun  
ki genyen de- vosyon  
yo rive, pou nou  
priye chaplè a la  
Vyèj Mari  
Avèk lafwa ak kè  
kontan,  
nan nanm nou.*



# Mari fè lwanj Boñdye

(Liék 1, 46-55)

Lè sa a Mari di: Nanm mwen ap chante pou Mèt la ki gen pouvwa.  
Lespri m pran plezi nan Bondye ki delivrans mwen.  
Paske li voye je l sou mwen, yon sèvant ki soumèt devan li.  
Wi, depi kounyeya, epi pou tout tan, tout moun pral di:  
ou se yon fanm Bondye beni!  
Paske Bondye ki gen tout pouvwa a fè anpil bèl bagay pou mwen,  
Non li, se yon non pou tout moun respekte,  
L ap toujou gen pitye pou tout moun ki gen krentif pou li.  
Li fè santi fós ponyèt li.  
Li fè moun ki gen lògèy ak gwo lide nan kè yo pèdi tèt yo.  
Li desann chèf ki te byen chita nan fotèy yo.  
Li leve moun ki pa gen pretansyon yo,  
Li bay moun ki grangou yo anpil byen.





# Mari ala ou bèl

*Mari ala ou bèl! Limyè Bondye klere ou.*

1. Pran kouraj fè kè ou kontan men limyè ou, men Granmèt la k ap montre jan Irenmen ou, pandan nwit ap anvayi toutpeyi, tout nasyon.
2. Men Granmèt la k ap klere ou ak limyè I, l ap montre kijan I renmen nou nan kè ou, tout nasyon y ap dirije kòt limyè ou ki fè k fèt.
3. Leve zye ou toutalantou pou ou gade, men tout moun ap rasanble vin kote ou, tout ptit ou vin sòt lwen, yap pote yo sou bra.
4. W ap kontan lè w ap wè sa kè ou ap bat, tout trezò lòt bò lanmè ap vini, tout richès nan tout nasyon ap rive lakay ou.
5. Ou tout moun te meprize, te rayi, pou tout tan, w ap leve tèt ou byen wo, se nan kè ou tout moun ap jwenn kè kontan pou tout tan.

## *Mari manman nou, nou vini jwenn ou*

*Mari manman nou, nou vini jwenn ou, nan ou nou trouve Jezi,  
Lè nou va rive sanble avèk ou, Jezi va nan nou an plen.*

1. Nou admire ou, ou tout an lagras, nou di ou: «Sali, Bondye avèk ou». Nou chante pou ou chan k soti nan syèl, nou kontan wè se nan kè ou Bondye rete.
2. Pou Bondye vini rankontre ak nou, kote li desann se nan ou Mari, lè pou nou jwenn li, kote na v ale, nou p ap jwenn li yon lòt kote pase nan ou.
3. Tout kè ki sanble avèk kè Mari kirenmen Bondye avèk tout fòs yo, ki tou devwe nèt pou sèvis Bondye, yo tout se kèBondye renmen ret ladan yo.



# O Mari Manman pèp ayisyen



*O Mari Manman pèp ayisyen, ou ki ban  
nou Jezi sou tè a, fè li grandi nan lavi nou.*

1. Nou se pitit ou, ou toujou bon pou nou, se ou pou nou rele lè nou bezwen lavi.
2. Jezi te di ou, Manman men pitit ou, se nou li t ap pale, fò k nou pitit ou vre.
3. Renmen Bondye a ap viv nan ou Mari, se menmyi renmen sa a w ap mete nan kè nou.

## *Ou menm Mari, ou manman Bondye ban nou*

*Ou menm Mari, ou manman Bondye  
ban nou, kote ou parèt satan disparèt.*

*N ape konbat, vin pran devan nou,  
Manman, leve talon ou kraze tèt dyab la.*

1. Nou se pitit ou vre, lè Bondye te vle vin viv  
nan nou, se nan ou li te pase, se toulejou w ap  
ban nou lavi Bondye.

2. Kè w chire chak jou, se nan pye kalvè nan  
gwo soufrans, ou vin manman nou tout, se la  
Bondye deklare w: men pitit ou.

3. Vini sove nou tout, tanpri Manman lapriyè  
pou nou, sa w vle se sa ki fèt, tanpri Manman  
w a mande padon pou nou.





## Rèn syèl la

*Rèn syèl la, rèn tè a, tout pítit ou ap salye ou. Se kè nou n ap ba ou, remèt lì nan men Bondye.*

1. Yon gran siy parèt nan syèl la, solèy la vlope madanm nan, lalin nan anba plant pye li, douz zetwal sèvi l kouwòn.
2. Dragon an anfas madanm nan, l ap chèchè pou l atake li. Men Michel ak measje l yo, yo jete li plat atè.
3. Dragon an mare batay la kont rès ti pítit madanm nan. Yo menm k ap swiv lòd Bondye yo, k ap sèvi Jezi temwen.

## Viv Manman Notredam

*Viv Manman Notredam, Manman pèp ayisyen.  
Espwa nèg ak negès, nou vin fè w konplíman.*

1. Mari, se rèn lakay nou ou ye, bèle kouwòn ou sou tèt ou. Manman se ou k ap veye sou nou, toujou kanpe avèk nou.

2. Mari se ou ki avoka nou, se ou k ap defann kòz nou. Manman, soufrans nou se soufrans ou, toujou siye dlo nan je n.

3. Mari se ou menm ki modèl nou, mete nou nan bon chemen. Manman kenbe n, rale n nan wòb ou, fè n ret dosil sou bra ou.





## *Manman nou Mari, ou bél tankou lalín nan*

*Manman nou Mari, ou bél tankou lalín nan, ou bél tankou zetwal yo. Solèy la kouvri w ak bélte Granmèt la. Ou k Manman Jezi, ou k manman pèp ayisyen, tanpri w a vire gade nou, n ap peri.*

1. Nou nan yon ti peyi tout bagay tèt anba tout lasent jounen, se kouri pran raje. Manman kè sansib nou envoie non ou, w a priye Bondye vin pote n sekou.
2. Nou sonje lontan maladi verèt la t ap fin ravaje tout pitit Bondye yo, ou leve kanpe ou lapriyè Bondye, e se pou touswit li te disparèt.

## *Mayifikat*

*Mayifikat, mèsi Bondye, dènye ras vivan ap chante pou mwen, y ap plede dì mèsi Bondye.*

1. Kè m ap chante lwanj ou Bondye-Granmèt mwen, pou jan ou panche kèou vin jwenn pòv sèvant ou a. Alèkile atò, men dènye ras moun yo pral chante lwanj pou mwen, y ap di: Ala chans Mari genyen!
2. Se fòs ponyèt ou vre ki fè mèvèy sa yo. Fò m di kijan non ou sen, pou jan ou renmen nou, se ras an ras vre. Ou pa janm bliye moun ki gen konfyans nan ou, k ap di: Ala chans Mari genyen!
3. Ou montre pouvwa ou, ou gaye towo yo, ou plen vant malere yo, gwo richa yo fè zewo. Pou Izrayèl vre renmen chire kè ou. Apa dènye moun ap di: Ala chans Mari genyen!



# Kouwón Kè Sansib Bondye a

*Tilize chaplè ki genyen senk dizèn lan.*

1. Kòmanse avèk : Papa nou, Mari se pou w kontan, epi Kredo.

2. Lè w ap kòmanse chak dizèn (sou gwo grenn) la w ap di:

V. Papa nou ki nan syèl la pou tout tan , mwen ofri w Ko, San , Nanm ak Divinité Ptit ou renmen anpil la. Granmèt nou Jezikri.

R. Tankou pwopisyasyon pou peche nou yo ak pou lemond antye.


3. Sou ti boul piti yo ou di Mari se pou w kontan:

V. Gras ak doulè pasyon w,

R. Gen pitiye pou nou ak lemond antye.

4. Lè w ap fini senk dizèn kouwòn ou repete.

5. Bondye ki sen, Sen ki fó Sen ki imòtèl la, gen pitye pou nou ak pou lemond antye (**twa fwa**)



Oh San ak Dlo ki sotí bò Kè Jezi kòm sousKè sansib pou nou, nan ou nou gen konf-yans.

Bondye ki la pou tout tan an,nan ou menm kè sansib pap janm fini, e trezó konpasyon w pap fini, voye je w gade nouepi ogmante kè sansib ou anvè nou sitoulè nou nan move moman difisil yo, pounou pa dekouraje ak dezespere, men, avèk anpil konfyans, n ap soumèt anba volonte w ki sen an, ki se Renmen ak Kè sansib. **Amèn.**

# 15 Pwomè

*Lavyèj Mari fè a tout moun k ap priye wozè ou chaplè a*

1. Moun k ap sèvi mwen, pandan l ap priye wozè ou chaplè a, ap resevwa nenpòt gras li mande.
2. Mwen pwomèt pwoteksyon espesyal ak anpil benefis pou tout sila yo ki priye wozè a avèk devosyon.
3. Wozè ou chaplè a se yon zam defans trè pwisan kont lanfè, l ap detwi vis yo, l ap libere peche yo e l ap ekstèmine erezi yo.
4. Wozè ou chaplè a ap fè jèmen nan kè w vèti yo epitou l ap fè moun ki gen devosyon yo pou yo jwenn kè sansib Bondye: ya p ranplase nan kè lèzóm renmen pou mond lan ak renmen Bondye e l ap leve yo pou yo chèche bagay ki nan syèl la ki etènèl.
5. Namm lan ke nou rekómande gras ak wozè a pap peri.
6. Moun ki gen devosyon k ap priye Wozè mwen an, pandan l ap medite mistè yo, li pap tonbe anba malè, ni mouri nan move lanmò; l ap konvèti nan lagras, si li jis, epi antou ka ya p admèt li nan lavi ki pap janm fini an.
7. Vre devo Wozè a yo pap mouri san yo pa jwenn èd Legliz la.
8. Mwen renmen tout moun ki gen devosyon pou Wozè a pou yogen lavi e nan lanmó pou yo jwenn limyè ak lagras ki pap fini an, e pou yo patisipe nan merit moun ki byenere yo.



**9.** M ap libere byen vit soti nan pigatwa nanm yo ki gen devosyon pou wozè a.

**10.** Vre Pitit wozè mwen an ap rejwi nan syèl yon lajwa espesyal.

**11.** Tout sa nou mande m a travè wozè a n ap jwenn li byen vit.

**12.** M ap pote sekou a tout moun ki pwopaje Wozè mwen an.

**13.** Tout moun ki priye Wozè a ap gen frè nan lavi a epi apre lanmò tout moun ki byenere nan syèl la.

**14.** Moun ki priye Wozè mwen an yo tout yo se pitit mwen renmen yo anpil e yo se frè Jezi sèl Pitit Bondye a.

**15.** Devosyon pou wozè a se yon ki manifeste ke ougarant pou w bèlte Bondye a.

# *Priyè a Sen Michèl*



Sen Michèl, defann mwen nan batay. La, se pou wtounen yon pwoteksyon kont pèvèsite ak pyèj demonan. Reprime l devan Bondye, n ap soupliye ou, ou menm Prens Lame selès la, voye satan al nan lanfè ak tout lót move lespri malen yo k apchèche dispèse nan mondlan pou yo ka pèdi nanm moun yo.  
**Amèn.**

*Mache bay tout moun bón nouvèl la.*



# *Rozè nan Solèy Leve*



*“Priye Rozè a pou  
nou genyen lapè”*

*“Li vire fènwa a pwofon nan  
Soley Leve; (...) Seyè a se non li.”*